


Ede konekte fwaye yo pandan pandemi an



## FCC ANONSE AVANTAJ IJANS ENTÈNÈT!

Avantaj ijans entènèt rapid la se yon pwogram FCC pou ede fwaye ki gen difikilte pou peye sèvis entènèt pandan pandemi an. Nouvo avantaj sa a ap konekte fwaye ki elijib yo ak travay, sèvis swen sante ki enpòtan, ak klas ansèyman adistans yo.

### Konsènan avantaj entènèt ijans rapid la

Avantaj entènèt ijans rapid la ap founi yon rabè jiska \$50 pa mwa pou sèvis entènèt rapid (broadband) pou fwaye ki elijib yo epi jiska \$75 pa mwa pou fwaye ki sou tè tribi Endyen yo. Fwaye ki elijib yo ka benefisye tou yon sèl fwa yon rabè jiska \$100 pou achte yon laptòp, òdinatè biwo oubyen yon tablèt nan men distribitè patisipan yo, si yo ap peye \$10 a \$50 nan pri a.

Avantaj Ijans Entènèt rapid (Broadband) la ofri sèlman yon mwa sèvis ak yon mwa rabè pou chak fwaye.

### Kiyès ki elijib pou pwogram avantaj entènèt ijans rapid la?

Yon fwaye elijib si youn nan manm fwaye a:

- Kalifye pou pwogram [Lifeline](#) nan;
- Benefisye avantaj nan pwogram lennch lekòl pri redwi oubyen gratis la, oubyen pwogram dejene lekòl la, ki enkli atravè Kondisyon Kalifikasyon Kominote USDA a, oubyen ki te kalifye deja pandan ane eskolè 2019-2020 an.
- Te benefisye Sibvansyon Federal Pell (Pell Grant) la pandan ane atribisyon sibvansyon sa a;
- Te fè fas ak pèdi salè li depi 29 fevriye 2020 epi fwaye a te gen mwens pase \$99,000 kòm salè pou yon peyè taks endividyèl an 2020 ak \$198,000 pou yon peyè taks kolektif; oubyen
- Ranpli tout kritè kalifikasyon pou l patisipe nan pwogram pou salè redwi a oubyen pwogram COVID-19 yon founisè patisipan.

### Kilè mwen ka enskri pou avantaj sa a?

- Pwogram nan jwenn otorizasyon FCC, men yo poko detèmine dat l ap kòmanse. FCC ap travay pou pèmèt avantaj la disponib pi vit sa posib. [Tanpri, kontinye eke paj la detanzantan pou jwenn mizajou sou pwogram nan.](#)